



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 1 MILYON DOLA YO BAY DE NOUVO  
ÒGANIZASYON KOMINOTÈ POU ETABLI PWOGRAM SANSIBILIZASYON SNUG  
STREET POU REDUI VYOLANS AK ZAM**

***Pwogram SNUG la itilize yon apwòch sante piblik pou redui vyolans ak zam:  
Idantifye sous la, entèwonp transmisyon an epi trete li nan bay moun yo ak  
kominote yo sèvis ak sipò***

***Niagara Falls ak Utica rejwenn 12 lòt kominote ak pwogram SNUG ki jwenn sipòte  
ak finansman Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo te bay 1 milyon dola nan finansman eta a pou de òganizasyon kominotè nan Niagara Falls ak Utica pou etabli pwogram Sansibilizasyon SNUG Street (lari trankil) la. Finansman Gouvènè a te garanti nan bidjè eta ane sa a, elaji pwogram nan soti nan 12 rive nan 14 kominote nan tout eta a. SNUG itilize yon apwòch sante piblik pou diminye vyolans ak zam nan idantifye sous la, entèwonp transmisyon ak trete li nan bay sèvis ak resous bay moun ak fanmi yo epi chanje nòm kominotè sou vyolans ak zam.

"N ap pran yon apwòch global ak mobilize resous pou sipòte solisyon inovatè, efikas pou vyolans ak krim vyolan nan lari nou yo, epi pwogram tankou SNUG kontinye montre gwo pwogrè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou te wè enpak pozitif pwogram Sansibilizasyon SNUG Street la nan zòn yo atravè Eta New York, epi finansman adisyonèl yo te anonse jodi a pral elaji pwogram reyisi sa a epi ede kominote yo ak ajans ki fè respekte lalwa lokal yo abòde fleyo vyolans ak zam yo. Administrasyon mwen an pral kontinye elaji ak finanse rezo entèriptè vyolans yo nan eta a pou sipòte travay enpòtan sa a sou teren".

"Jèn nou yo, ak tout manm kominote nou yo, merite viv lavi yo san konsekans vyolans ak zam ak menas vyolans ak zam", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Pwogram sansibilizasyon SNUG Street yo rekonèt sa epi bay lòt moun ki gen risk pou angaje yo nan vyolans ak zam, epi yo ofri sipò pou moun ki afekte yo. Finansman enpòtan sa a pral pèmèt ekspansyon pwogram SNUG la pou mesajè ki gen plis kredibilite yo ka medyatè konfli, anpeche vanjans epi redwi vyolans ak zam nan plis kominote ki pi afekte nan kriz sante piblik sa a".

Pwogram Sansibilizasyon SNUG Street la se yon pati enpòtan nan plan konplè Gouvènè Hochul pou redui ak anpeche vyolans ak zam, ki te ogmante nan kominote yo atravè eta a ak nan nasyon an depi 2020. Gouvènè a te triple investisman an nan entèkansyon kominotè yo; te investi nan inisyativ ki fè respekte lalwa lokal yo ki rezoud, diminye ak anpeche fiziyad, omisid ki gen rapò ak zam afe ak lòt krim ak zam; epi li te kreye [Gwoup Travay Ant Plizyè Eta sou Zam Illegal](#) (Interstate Task Force on Illegal Guns) la.

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) eta a te chèche pwopozisyon nan men òganizasyon kominotè yo pou opere pwogram SNUG yo nan Niagara Falls, Schenectady ak Utica. Community Missions of Niagara Frontier, Inc. pral resevwa 500,000 dola pou pwogram Niagara Falls, epi Integrated Community Alternatives Network (ICAN) pral resevwa 500,000 dola pou etabli SNUG nan Utica. DCJS pral pibliye ankò yon demann pou pwopozisyon otòn sa a pou etabli yon pwogram nan Schenectady akòz yon kantite aplikasyon elijib ensifizan yo resevwa; sa pral asire yon pwosesis seleksyon konpetitif.

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare,** "Mwen te vwayaje atravè eta a, mwen te rankontre manm ekip SNUG nou yo epi mwen te wè dirèkteman wòl enpòtan yo jwe nan konbat vyolans ak zam. Mwen te wè siksè yo nan simonte obstak nan pwòp lavi yo ak chanjman yo pote nan lavi lòt jèn yo lè yo kwè nan yo, ede yo kwè nan tèt yo ak bay jèn ki gen risk yo altènativ, opòtinite, ak sipò. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li nan pwogram sa a ak pou fon adisyonèl sa yo, ki pral pèmèt mesajè kredib sa yo ede diminye vyolans ak zam nan kominote sa yo k ap lite avèk yon ogmantasyon nan vyolans ak zam."

**Direktè Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam lan nan Eta New York, Calliana S. Thomas te deklare,** "Estrateji kominotè ak dirije yo enpòtan anpil pou aplikasyon reyisi efò prevansyon kont vyolans yo. Pwogram tankou SNUG priyorize byennèt moun ki gen plis chans afekte akòz vyolans ak zam epi yo pi byen pozisyon pou adrese dirèkteman detèminan sosyal sante yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li sipòte ak elaji pwogram tankou SNUG ki kontinye anpeche vyolans ak zam nan kominote nou yo atravè Eta New York nan pwomouvwa sante, sekirite, lapè, ak rezistans kominote a. Mwen fyè pou m fè patenarya avèk Gouvènè a ak SNUG pou kontinye deranje sik vyolans lan atravè yon apwòch sante piblik."

Niagara Falls, Utica ak Schenectady pral rantre nan kominote sa yo nan rezo SNUG ke eta a sipòte: Albany, Bronx, Buffalo, Hempstead, Mt. Vernon, Newburgh, Poughkeepsie, Syracuse, Rochester, Troy, Wyandanch ak Yonkers.

**Majistra Niagara Falls la, Robert Restaino, te deklare,** "Pandan ke vyolans ak zam se yon pwoblèm nasyonal, se sèlman kèk grenn moun ki gen kouraj pou chèche repons. Gouvènè Hochul kontinye se yon lidè nan efò pou konbat pwoblèm sa a epi nou apresye èd li nan bay finansman pou SNUG nan Niagara Falls. SNUG pral bay kominote nou an yon lòt zouti pou atake pwoblèm sa a epi ede moun ak fanmi ki kwense nan sik vyolans sa a".

**Majistra Utica a Robert Palmieri te deklare,** "Vil Utica te pran mezi pwo-aktif nan konbat vyolans ak zam; sa gen ladan ajoute senk nouvo ofisye lapolis. N ap kontinye fè patenarya avèk lòt minisipalite ak ajans paske vyolans ak zam se yon fleo sou kalite lavi. Mwen felisite Gouvènè Hochul poutèt li te finance pwogram SNUG la epi mwen espere travay avèk eta a ak ICAN pou pwoteje epi ankouraje sekirite piblik pou rezidan nou yo".

**Vis Prezidan Sèvis Espesyalize Misyon Kominotè yo, Eric Boerdner, te deklare,** "Nou kontan anpil pou nou lanse pwogram sansibilizasyon SNUG Street la nan Niagara Falls, epi nou remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li ak investisman li nan pwogram enpòtan sa a. Nou bezwen fè tout sa nou kapab pou diminye vyolans ak zam, epi ekip sansibilizasyon nan lari yo jwe yon wòl esansyèl nan lonje men ak, epi konekte ak, moun ki riske patisipe nan vyolans ak zam, pandan y ap bay altènativ ak sipò. Misyon Kominotè yo gen yon istwa depi lontan sou egzekite pwogram pou angaje ak satisfè bezwen kominote a avèk patnè nou pataje yo, epi nou espere reponn ak defi a".

**Direktè Egzekitif Jeneral/Direktè Egzekitif ICAN Ian, Steven Bulger, te deklare,** "Nou onore pou nou ajoute pwogram SNUG la nan lis sèvis k ap grandi nou yo epi pou nou patisipe nan kominote ki afekte dirèkteman ak endirèkteman akòz vyolans ak zam. SNUG pral felisite pwogram ICAN ki egziste depi lontan ki konsantre sou jèn yo, filozofi jeneral nou an ak pwogram sansibilizasyon lari nou an. Nou pare pou nou travay yon fason pwodikatif ak pwo-aktif nan katye nou yo sou rediksyon vyolans ak zam".

Fòmasyon konplè, vizit nan sit yo ak sipò DCJS mete SNUG apa pa rapò ak lòt pwogram entèripsyon vyolans ki baze nan kominote a atravè eta ak peyi a. Nouvo anplwaye yo dwe konplete 40 èdtan fòmasyon epi nouvo sipèvizè yo dwe konplete 32 èdtan fòmasyon jesyon. Tout anplwaye yo dwe konplete 40 èdtan fòmasyon devlopman pwofesyonèl chak ane. Fòmasyon ak sipò kontinyèl sa a ede asire ke pwogram nan fonksyone regilyèman nan tout sit SNUG yo malgre diferan òganizasyon kominotè ap dirije yo. [Videyo sa montre pwogram lan](#) ak travay li avèk patisipan yo.

Pwogram SNUG yo anplwaye travayè sansibilizasyon nan lari yo, sekouris lopital yo, travayè sosyal yo ak jesyonè ka k ap travay nan kominote a epi nan sant twomatis yo. Travayè sansibilizasyon ak sekouris lopital yo ap viv nan kominote kote y ap travay yo epi gen kèk ladan yo ki te enplike nan sistèm jistis kriminèl la oswa ki te pèdi pwòch yo akòz vyolans. Mesaje kredib sa yo pwofite lyen kominotè yo pou travay avèk adolesan ak jèn adilt yo pou detekte ak kalme konfli anvan yo dejenere; reponn ak fiziyad pou anpeche vanjans atravè medyasyon epi ede manm fanmi moun ki blese oswa ki mouri; epi konseye jèn ki patisipe nan pwogram nan pou fikse objektif epi konekte yo avèk opòtinite edikatif ak travay ansanm ak lòt sèvis. Pwogram yo angaje kominote a tou, òganizasyon relijye yo ak klèje, ak biznis lokal yo atravè rasanbleman yo, evènman espesyal yo, ak lòt rasanbleman yo nan kominote a.

Travayè sosyal yo ak jesyonè dosye yo bay moun ki afekte akòz vyolans ak zam oswa lòt krim nan kominote yo konsèy, gwoup sipò, defans ak asistans ki pran an

konsiderasyon twomatis pou ranpli aplikasyon pou konpansasyon viktim yo nan [Biwo pou Sèvis Viktim](#) (Office of Victim Services, OVS) Eta a, ak referans pou lòt sèvis jan yo idantifye oswa nesèsè; epi ofri sipò ak konsèy pou manm ekip SNUG yo, anpil nan yo te fè eksperyans konplèks ak twomatis. Travayè sosyal yo ak jesyonè dosye yo nan 12 sit SNUG ki egziste deja yo jwenn finansman gras ak sibvansyon federal Lwa sou Viktim Krim (Victims of Crime Act, VOCA) ki soti nan Biwo Sèvis Viktim yo; nouvo sit yo pral finanse totalman avèk lajan eta a ki soti nan Bidjè adopte Eta a ane sa a.

## **Enfòmasyon sou Divizyon Sèvis Jistis Penal la**

[Divizyon Sèvis Jistis Penal la](#) bay sipò enpòtan nan tout aspè nan sistèm jistis kriminèl eta a, ki gen ladan, men pa sa sèlman: fòm fòs lòd yo ak lòt pwofesyonèl jistis penal yo; sipèvize yon pwogram akreditasyon fòs lòd; asire Breathalyzer (tès alkòl) ak ekipman pou fè respekte vitès yo ke fòs lòd lokal yo ap itilize fonksyone kòrèkteman; jere finansman sibvansyon jistis penal; analize enfòmasyon sou krim ak pwogram nan tout eta a; bay sipò rechèch; sipèvize depatman pwobasyon konte yo ak altènatif nan pwogram prizon yo; ak kowòdone politik jistis pou jèn yo. Swiv DCJS sou [Facebook](#) ak [Twitter](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418